

## Avi sou enfòmasyon ki nan anyè 2018 -19 la ak fòm refi pou *National Student Clearinghouse (NSC)*

Dapre lwa edikasyon sou dwa ak vi prive fanmi (Family Educational Rights and Privacy Act, FERPA), yon lwa federal, DOE pa ka bay okenn enfòmasyon ki idantifye yon elèv san konsantman. Sepandan, gen kèk enfòmasyon yo rele “enfòmasyon anyè” epi yo ka pataje yo nan kèk ka. **NYC DOE pataje “enfòmasyon anyè” avèk National Student Clearinghouse. Enfòmasyon anyè yo ka pataje se non ak dat nesans elèv ki kòmanse klas 9yèm ane an 2018-19, apa tout elèv ki te nan lekòl segondè DOE apati 2002-2018.**

National Student Clearinghouse gen done kote elèv ale nan kolèj ak ki tip degre yo resevwa nan plis pase 3600 kolèj ak inivèsite. National Student Clearinghouse itilize enfòmasyon anyè NYC DOE pou l idantifye ansyen elèv NYC DOE epi pou l ba NYCDOE enfòmasyon kote elèv sa yo ale nan kolèj,, kilè y ale nan kolèj, kilè yo gradye ka ki tip degre yo resevwa. NYC DOE itilize enfòmasyon National Student Clearinghouse ba li pou ede yo konprann amelyore preparasyon elèv ak reysit elèv pou kolèj.

### **Kòman pou retire non w pou NYCDOE pa pataje “enfòmasyon ki nan anyè a” avèk National Student Clearinghouse.**

NYC DOE ap bay National Student Clearinghouse enfòmasyon elèv ou a sou non l ak dat nesans li ak klas l ap fè, amwenske ou di NYC DOE pou l pa fè sa. Ou ka di NYC DOE pou pa ba National Student Clearinghouse enfòmasyon pitit ou lè fè bagay sa yo:

1. Si ou pèmèt NYC DOE pataje enfòmasyon sa yo, ou pa bezwen fè anyen.
2. **Si w vle “opt-out”** (sa vle di, si ou **pa** vle pou yo pibliye enfòmasyon ki nan anyè sa a), ranpli fòm sa a **pa pi ta pase vandredi 4 janvyè 2019** epi remèt li bay direktè lekòl pitit ou a. Si w gen plis pase yon timoun nan sistèm lekòl NYCDOE a, ou dwe soumèt yon fòm pou chak elèv.
3. Yon elèv ki gen laj 18 ane pou pi piti ki pa vle yo distribye enfòmasyon ki nan anyè sa a dwe ranpli fòm lan ak siyen l limenm. Anba FERPA, yon siyati paran oswa responsab p ap gen okenn efè.
4. Si ou soumèt fòm sa a, yo p ap distribye enfòmasyon anyè a amwenske ou anile "opt-out" ou a. Si w vle anile yon "opt-out" ou dwe ekri direktè lekòl pitit ou a(yo) pou di sa.

Kopi avi sa a ak fòm yo disponib nan lekòl ou a oswa nan lekòl pitit ou a, epi ou ka jwenn yo sou entènèt nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/learning/college-and-career-planning/national-student-clearinghouse-notice-and-opt-out-form>. Tanpri kontakte lekòl la si w gen nenpòt kesyon osijè fòm sa a, oswa sou efò lekòl ou a fè pou prepare oumenm oswa pitit ou a pou kolèj ak karyè.

*Tanpri ranpli fòm sa a epi siyen l pi ba a **sèlman si w pa vle yo pibliye enfòmasyon w bay National Student Clearinghouse, NSC:***

- Mwen menm elèv yo site pi ba a, mwen gen omwen laj 18 ane. Mwen PA vle yo bay NSC non m, klas m ap fè ak dat nesans mwen.
- Mwen se paran/responsab elèv ki gen non li pi ba a epi ki poko gen laj 18 ane. Mwen PA vle yo bay National Student Clearinghouse non pitit mwen an, adrès li ak dat nesans li.

**Siyati Paran/responsab la si elèv la poko gen laj 18 an**

**Siyati elèv la si l deja gen laj 18 ane**

Non elèv la:	# OSIS :	Klas :	Dat nesans (mwa/jou/ane):
Non Paran/Responsab:	Non lekòl (ak Borough):		